

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3. Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta sakabéh prosés anu diperlukeun dina rarancang panalungtikan jeung ”*pelaksanaan*” panalungtikan nepi ka patalékan-patalékan anu aya bisa dijawab.

Aya sabaraha langkah dina ieu panalungtikan, nya éta :

- 1) Maca buku wawacan;
- 2) Nganalisis struktur wawacan;
- 3) Nganalisis ajén budaya;
- 4) Ngolah data;
- 5) Ngadéskripsikeun data;
- 6) Nyusun laporan;

### 3.1. Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

Méthode jeung téhnik panalungtikan mangrupa salah sahiji cara anu digunakeun, pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Ieu pedaran ngawéngku sababaraha komponén, nya éta Méthode Panalungtikan, Téhnik Panalungtikan, Wangenan Operasional, Populasi jeung Sampel Panalungtikan, Léngkah-léngkah Panalungtikan.

#### 3.1.1. Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Méthode deskriptif nya éta méthode anu digunakeun pikeun ngadéskripsikeun jeung ngajéntrékeun kajadian anu lumangsung mangsa kiwari (Sudjana, 1991:52). Dumasar kana katerangan di luhur, dina ieu panalungtikan digunakeun metode deskriptif, sangkan meunang gambaran ngeunaan ajén budaya dina *wawancara Pangantén Tujuh*.

#### 3.1.2. Téhnik Panalungtikan

Dumasar kana méthode panalungtikan, téhnik panalungtikan nu digunakeun nya éta téhnik studi pustaka jeung téhnik analisis data. Téhnik studi pustaka nya éta, kagiatan maca buku, nu rakét patalina jeung masalah panalungtikan. Téhnik analisis data nya éta kagiatan nganalisis ajén-ajén budaya nu aya dina *Wawancara Pangantén Tujuh*.

### 3.2. Wangenan Operasional

Sangkan ieu panalungtikan leuwih museur. Satuluyna dijéntrékeun istilah-istilah anu aya patalina jeung judul panalungtikan, nya éta:

#### a. Ajén

Nurutkeun *Kamus Umum Basa Sunda* (2007: 18), ajén nya eta pangaji atawa harga. Upama dihartikeun kana basa Indonesia, ajén sarua jeung nilai anu hartina “*gagasan tentang kehidupan yang dianggap amat penting oleh suatu masyarakat atau kelompok manusia*” (Achadiati, 1992: 14). Sedengkeun nurutkeun *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (1988: 615). “*Nilai yang artinya sifat-sifat yang penting, yang ada gunanya untuk kemaslahatan manusia pada umumnya*”.

#### b. Budaya

Kecap kabudayaan asalna tina basa Sansekerta *buddhayah*, nya éta wangun jamak tina *budhi* nu hartina *budi* atawa *akal*. Jadi, kabudayaan sacara harpiah ngandung harti sagala rupa hal anu aya patalina jeung akal (Budimansyah, 1990: 113). Salian ti éta, budaya nya eta “*istilah yang digunakan untuk menunjuk ciri-ciri khusus suatu masyarakat tertentu, dengan totalitasnya yang meliputi: organisasi, lembaga, hukum, etos kerja, seni, drama, agama, dsb*”.

Nurutkeun Koentjaraningrat (1985: 41), ajen budaya téh nya éta, “*konsepsi yang hidup di dalam alam pikiran sebagian masyarakat mengenai hal-hal yang harus dianggap sangat bernilai di dalam kehidupan*”.

### c. Wawacan Panganten Tujuh

Nurutkeun Iskandarwassid (2003: 168), wawacan nya éta carita anu didangding, digelarkeun dina puisi pupuh. Ieu wawacan nyaritakeun ngeunaan tujuh pangantén anu dilakukeun dina poé Juma'ah ku sababaraha Nabi jeung Sahabat. Nu jadi tokoh utama dina ieu wawacan nya éta, Nabi Adam jeung Babu Hawa, Nabi Musa jeung Sapura, Nabi Yusuf jeung Siti Julaéha, Nabi Sulaéman jeung Ratu Bulqis, Nabi Muhammad SAW jeung Siti Khodijah, Nabi Muhammad SAW jeung Siti Aisyah, Sahabat Ali jeung Fatimah.

### 3.3. Populasi jeung Sampel Panalungtikan

Populasi jeung sampel mangrupa dua hal anu penting dina ieu panalungtikan.

#### 3.3.1. Populasi Panalungtikan

Nurutkeun Surakhmad (1994: 93), populasi nya éta sajumlahing data anu ditalungtik. Populasi dina ieu panalungtikan, nya éta ajén budaya anu kapanggih dina *Wawacan Pangantén Tujuh*.

### 3.3.2. Sampel Panalungtikan

Sampel nya éta sabagian atawa sakabéh populasi anu ditalungtik (Surakhmad, 1994: 93). Sampel dina ieu panalungtikan, nya éta sakabéh data anu aya dina populasi ngeunaan édisi téks jeung ajén budaya anu nyampak dina *Wawacan Pangantén Tujuh*.

### 3.4. Léngkah-léngkah Panalungtikan

Léngkah-léngkah panalungtikan ngawengku sababaraha tahap, nya éta Tahap Tatahar, Tahap Ngumpulkeun Data, Tahap Ngolah Data, jeung Tahap Nyusun Laporan.

#### a. Tahap Tatahar

Dina ieu tahap, dilakukeun sababaraha léngkah diantarana:

- 1) Néangan téks wawacan anu aya patalina jeung masalah anu bakal ditalungtik;
- 2) Ngajukeun judul jeung proposal panalungtikan;
- 3) Ngayakeun studi pustaka pikeun ngumpulkeun data;
- 4) Konsultasi ka dosén pangaping ngeunaan cara ngagarap skripsi.

## **b. Tahap Ngumpulkeun Data**

Tahap ngumpulkeun data diantarana:

- 1) Studi pustaka, ku cara ngumpulkeun sumber data primér jeung sumber data sekundér. Sumber datana mangrupa téks wawacan Pangantén Tujuh jeung buku-buku séjén anu ngarojong dina ieu panalungtikan;
- 2) Studi Lapangan, ku cara wawancara ka petugas perpustakaan musium Prabu Geusan Ulun Sumedang, ngeunaan rupa-rupa hal anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

## **c. Tahap Ngolah Data**

Kegiatan anu dilakukeun dina tahap ngolah data, nya éta:

- 1) Nyusun édisi téks wawacan Pangantén tujuh;
- 2) Nganalisis ajén budaya dina wawacan Pangantén Tujuh.

## **d. Tahap Nyusun Laporan**

Tahap nyusun laporan, mangrupa tahap pamungkas. Hasil laporan panalungtikan disusun dina wangun skripsi.